Plan globalis yo pou domine tout lemonn

Evèk*
Garland F. Byers, Jr., J.D., D.D.‡
Evèk pou Nasyon yo, anba Mandatman Apostolik

Kwak gendwa gen moun oswa gwoup moun ki kwè yon sèl gouvènman pou tout lemonn ta sèvi limanite pi byen nan sans lemonn, e ki pa gen okenn kwayans espirityèl sou si yon gouvènman mondyal konsa sen osinon pa sen, evèk la kwè gen kèk gwoup globalis ki chache yon sèl gouvènman pou tout lemonn an konesans de koz, pou fè dènye tan yo ak rèy Antikris la rive.[1] Evèk la kwè gwoup globalis sa yo, ki fòme ak sa nou pa ka rele lòt jan pase yon elit satanik, reyini an sekrè, yo pa kite okenn moun deyò wè travay yo, yo pa kenbe okenn dosye ni okenn pwosè-vèbal sou travay yo ni sou diskisyon yo, e yo swiv yon pwogram ki, dapre jijman evèk la, dakò nèt ak pwofesi ki nan Bib la.[2] Kwak medya lemonn yo pale anpil sou gwoup sa yo, ansanm ak kèk milye kretyen evanjelik Ozetazini, li sanble okenn denominasyon legliz ni okenn evèk apostolik pa t' janm pran pozisyon sou devlopman sa yo, sou moun sa yo ak sou pwogram sa yo nan yon deklarasyon nan non Legliz la.[3] Moun ak gwoup sa yo ap chache yon sèl lòd pou tout lemonn, sa moun te pale de li e yo rele l' souvan Nouvo Lòd Mondyal la (New World Order).[4] Moun ki defann Nouvo Lòd Mondyal la vle detwi souverènte chak nasyon, e mete tout nasyon anba kontwòl yon sèl konsèy mondyal, ki, jan pwofesi a moutre, pral bay plas a kontwòl yon sèl moun, e moun sa a se Antikris la.[5] Pwojè sa a vle pwoklame Legliz Jezikri a se kò Kris la sou latè,[6] Jezikri se Wa tout wa yo, Chèf tout chèf yo, e se li k'ap gouvènen.[7] Jan Mèt la te di lè li t'ap fonde Legliz li a: «Ata lanmò p'ap kapab fè l' anyen.»[8]

Nòt nan fen

1

«Pitit mwen yo, dènye jou a pa lwen rive. Nou tande yo te di nou moun k'ap goumen ak Kris la gen pou vini. Men koulye a, se yon bann moun ki kanpe pou konbat Kris la. Se sa ki fè nou konnen dènye jou a pa lwen rive ankò.» 1 Jan 2:18 (Bib La). «Men, si yon moun refize rekonèt Jezi te yon moun tout bon, moun sa a pa gen lespri ki soti nan Bondye a. Lespri li genyen an soti nan moun k'ap goumen ak Kris la. Yo te di nou moun k'ap goumen ak Kris la te gen pou l' te vini. Enben, koulye a li deja nan lemonn.» 1 Jan 4:3 (Bib La). «Wi, pouvwa mechan an deja ap travay anba chal. Men, anvan pou levènman sa yo rive, se pou moun k'ap ba l' baryè a disparèt. Lè sa a, mechan an va parèt. Seyè Jezi va soufle ak bouch li sou li, la touye li. L'ap annik parèt nan tout pouvwa li pou l' fini nèt ak li. Mechan an va vini ak tout pouvwa Satan an. Li va fè anpil mirak, anpil mèvèy ak anpil gwo siy pou bay manti...» 2 Tesalonik 2:7–9 (Bib La). «Apre sa, yo di. Annou wè! Ann bati yon gwo lavil pou nou rete ak yon gwo gwo kay tout won byen wo ki rive jouk nan syèl la. Konsa tout moun va respekte nou, yo p'ap ka gaye nou toupatou sou latè. Seyè a desann pou l' wè lavil la ansanm ak gwo kay won moun yo t'ap bati a. Epi li di. Koulye a, gade! Yo tout fè yon sèl pèp. Yo tout yo pale yon sèl lang. Gade sa yo konmanse ap fè. Talè konsa y'ap pare pou yo fè sa yo vle.» Jenèz 11:4–6 (Bib La). «Tout moun pran adore dragon an paske li te bay bèt la pouvwa li. Yo adore bèt la tou, yo t'ap di: Kilès ki tankou bèt la? Kilès ki ka goumen avè li?» Revelasyon 13:4 (Bib La). «Yo ba l' pouvwa pou l' fè lagè ak tout moun k'ap sèvi Bondye yo, jouk pou l' te genyen batay la. Yo ba l' pouvwa sou moun tout ras, tout peyi, tout lang ak tout nasyon. Tout moun sou latè pral adore l', sa vle di tout moun ki pa t' gen non yo ekri nan liv ki gen non moun ki gen lavi a depi lè Bondye t'ap kreye tout bagay la, liv ki pou ti Mouton yo te touye a.» Revelasyon 13:7–8 (Bib La).

2

«(064:3) Pwoteje m' anba konplo mechan yo, anba gwo bann malveyan sa yo. (064:4) Lang yo file tankou razwa. Pawòl ki soti nan bouch yo se pwazon. (064:5) Yo rete kache, y'ap vize moun ki inonsan an. Yo tire sou li san li pa atann. Yo pa pè fè anyen. (064:6) Yonn ap ankouraje lòt nan fè sa ki mal. Y'ap rakonte jan yo mete pèlen pou lòt moun. Y'ap plede di: Ki moun k'ap wè nou? (064:7) Y'ap fè move plan, y'ap veye pou moun pa dekouvri yo. Sa ki nan kè yon moun ak nan lide li se mistè.» Sòm 64:2–6 (Bib La). «(083:4) Y'ap fè konplo an kachèt sou do pèp ou a, y'ap mete tèt yo ansanm sou do moun w'ap pwoteje yo. (083:5) Yo di: -Vini non! Ann efase non yo pami nasyon yo, pou pesonn pa janm chonje peyi Izrayèl la ankò! (083:6) Yo mete tèt yo ansanm, yo fè yon sèl lide: yo dakò pou yo fè bann sou do ou...» Sòm 83:3–5 (Bib La). «Madichon pou moun k'ap kache Seyè a sa yo gen lide fè! Y'ap fè plan yo an kachèt. Y'ap di pa gen moun ki wè yo. Pa gen moun k'ap konnen sa y'ap fè.» Ezayi 29:15 (Bib La). «Men ki bò kondannasyon an soti pou yo: limyè a te vini nan lemonn, men lèzòm te pito fènwa a pase limyè a, paske sa y'ap fè a mal. Lè yon moun ap fè sa ki mal, li pa vle wè limyè a, li p'ap vini kote limyè a ye, paske li pè pou move zak li yo pa parèt aklè.» Jan 3:19–20 (Bib La). «Nou pa gen anyen pou nou wè ak moun k'ap viv nan fènwa, moun k'ap fè bagay ki p'ap rapòte anyen. Okontrè, denonse yo pou sa yo ye. Bagay moun sa yo ap fè an kachèt, se yon wont menm pou pale sou sa.» Efèz 5:11–12 (Bib La). «Nanpwen anyen ki kache ki p'ap devwale, nanpwen sekrè pou moun pa rive konnen, ki p'ap parèt aklè.» Lik 8:17 (Bib La).

Yon presedan pap sou sosyete sekrè yo

«Gen anpil bagay tankou mistè yo gen règ fiks pou kache ak anpil swen, non sèlman pou etranje, men pou anpil manm tou; tankou plan sekrè ak dènye objektif yo, non gwo chèf yo, ak kèk reyinyon sekrè e entim...» «Yo konn kòmande kandida yo pou yo pwomèt - non, pou yo fè yon sèman espesyal - ke yo p'ap janm, bay okenn moun, nan okenn moman ni nan okenn fason, fè konnen manm yo, mo pas yo, ni sijè yo diskite.» «...Franmason yo, tankou Manikeyen lontan yo, fè efò, otan ke posib, pou yo kache, e pou yo pa admèt okenn temwen eksepte pwòp manm yo.» (tradui apati tèks anglè) pap Leyon XIII, *Humanum Genus*, lèt ansiklik sou Franmasonri, 20 avril 1884, sek. 9 (Vil Vatikan: Libreria Editrice Vaticana), vatican.va.

3

«Koute: Mwen ban nou pouvwa pou nou mache sou sèpan ak eskòpyon, pou nou kraze tout pouvwa Satan anba pye nou, pou anyen pa kapab fè nou mal.» Lik 10:19 (Bib La). «M'ap ba ou kle Peyi Wa ki nan syèl la. Tou sa ou va defann moun fè sou latè, yo p'ap kapab fè l' nan syèl la non plis. Tou sa ou va pèmèt moun fè sou latè, y'a kapab fè l' nan syèl la tou.» Matye 16:19 (Bib La). «Men, si faksyonnè a wè lènmi ap vini epi li pa bay kout klewon an pou avèti moun yo, lènmi an ap vini, l'ap touye moun. Moun yo ap mouri akòz peche yo fè, se vre. Men, se faksyonnè a k'ap pote reskonsablite lanmò yo.» Ezekyèl 33:6 (Bib La). «Seyè a di m' konsa: -Rele ak tout fòs ou, rele mezi ou kapab! Fè vwa ou sonnen tankou klewon! Fè pèp mwen an konnen tout mechanste li fè yo! Fè moun fanmi Jakòb yo konnen tout peche yo te fè!» Ezayi 58:1 (Bib La).

4

«Nan tan boulvèse sa yo, senkyèm objektif nou an—yon nouvo lòd mondyal—ka parèt: yon nouvo epòk—pi lib anba menas laterè, pi fò nan chache jistis, e pi an sekirite nan chache lapè. Yon epòk kote nasyon lemonn yo, Lès ak Lwès, Nò ak Sid, ka pwospere e viv ann amoni.» (tradui apati tèks anglè) George H. W. Bush, «Address Before a Joint Session of the Congress on the Persian Gulf Crisis and the Federal Budget Deficit» (Diskou devan yon sesyon jwenti Kongrè a sou kriz Gòlf Pèsik la ak defisi bidjè federal la), 11 septanm 1990, transkripsyon, Miller Center, University of Virginia. (Sitasyon sa a dokimante ekspresyon «Nouvo Lòd Mondyal» (New World Order) a, li pa dokimante kwayans moun ki t'ap pale a.)

5

«Se li menm tou ki kreye tout nasyon ki rete toupatou sou latè. Li fè yo tout soti nan yon sèl moun. Li te fikse davans tan ki pou yo chak, ak limit kote pou yo chak rete...» Travay 17:26 (Bib La). «Lè Bondye ki anwo nan syèl la t'ap bay chak nasyon pòsyon ki pou yo, lè li t'ap bay kote pou chak moun rete sou latè, li fikse fwontyè tout peyi dapre kantite moun li te mete sou latè.» Deteronòm 32:8 (Bib La). «Se konsa Seyè a gaye yo toupatou sou latè. Yo sispann bati lavil la. Se poutèt sa yo rele lavil la Babèl, paske se la Seyè a te mele lang tout moun ki rete sou latè, li fè yo pati, li gaye yo toupatou sou latè.» Jenèz 11:8–9 (Bib La). «Dis kòn ou wè yo, se dis lòt wa ki poko konmanse gouvènen. Men, y'ap resevwa pouvwa pou yo gouvènen tankou wa pandan yon ti tan ansanm ak bèt la. Yo toulèdis gen menm lide nan tèt yo, y'ap renmèt pouvwa yo ak otorite yo bay bèt la.» Revelasyon 17:12–13 (Bib La). «Bondye mete nan kè yo lide pou yo fè sa li menm li vle, pou yo tout tonbe dakò fè menm bagay, pou yo renmèt pouvwa yo kòm wa nan men bèt la, jouk tan pawòl Bondye yo va rive vre.» Revelasyon 17:17 (Bib La). «Men esplikasyon moun lan te ban mwen: -Katriyèm bèt la, se katriyèm gouvènman ki pral gen sou latè. Li p'ap tankou lòt yo. Li pral devore tout moun sou latè, l'ap pilonnen yo anba pye l', l'ap kraze yo. Dis kòn yo, se dis wa ki pral alatèt gouvènman sa a. Apre yo, ap gen yon lòt wa ki p'ap tankou lòt yo. L'ap jete twa nan wa yo. L'ap pale

Bondye ki anwo nan syèl la mal, l'ap malmennen moun k'ap sèvi Bondye ki anwo nan syèl la. L'ap fè lide chanje tout fèt ak tout prensip lalwa Bondye a. Pandan twazan sis mwa, l'ap kenbe pèp Bondye a anba men l'.» Danyèl 7:23–25 (Bib La). «Pa kite pesonn twonpe nou nan ankenn jan. Paske, anvan jou sa a rive, gen yon dènye revòlt kont Bondye ki pou fèt. Nou gen pou nou wè mechan ki deja kondannen pou disparèt la vini anvan. Mechan sa a ap kanpe, l'ap pran pozisyon kont tout bagay lèzòm ap sèvi, kont tout bagay lèzòm konsidere pou Bondye. La fè, la fè, jouk la antre nan tanp Bondye a, la chita, la fè tèt li pase pou Bondye.» 2 Tesalonik 2:3–4 (Bib La).

Legliz primitiv la

«...ki pral pran pouvwa anpi women an pou tèt li, e ki pral fè tèt li pase pou Kris la nan manti...» (tradui apati tèks anglè NPNF2 7) Siril Jerizalèm, *Katechèz yo* 15.11, trad. Edwin Hamilton Gifford, nan *Nicene and Post-Nicene Fathers*, 2yèm seri, vol. 7, ed. Philip Schaff ak Henry Wace (New York: Christian Literature Publishing, 1894). «Men, Antikris sa a nou sot pale a pral vini lè tan anpi women an va fin rive...» (tradui apati tèks anglè NPNF2 7) Ibid., 15.12. «...sou dis wa ki pral leve lè sa a, kote anpi ki gouvènen kounye a [sou latè] pral separe...» (tradui apati tèks anglè ANF 1) Irene Lyon, *Kont erezi yo* 5.26.1, trad. Alexander Roberts ak William Rambaut, nan *The Ante-Nicene Fathers*, ed. Alexander Roberts ak James Donaldson, vol. 1 (Buffalo, NY: Christian Literature Publishing, 1885).

6

«Nou tout, nou se kò Kris la: nou chak se yon manm nan kò sa a.» 1 Korint 12:27 (Bib La). «Bondye mete tout bagay anba pye Kris la, li mete l' pou l' sèl chèf legliz la. Legliz la se kò Kris la, li konplete Kris la. Kris la menm, avèk pouvwa li, li konplete tout bagay ki toupatou.» Efèz 1:22–23 (Bib La). «Koulye a, mwen kontan anpil dèske m'ap soufri pou nou. Paske, lè m'ap soufri nan kò pa m' konsa, m'ap bay pòsyon pa m' pou konplete tou sa ki manke nan soufrans Kris la pou legliz la ki kò li...» Kolòs 1:24 (Bib La). «Se li ki tèt legliz la, legliz la se kò li. Se li menm ki bay kò a lavi. Se li menm an premye ki te leve soti vivan nan lanmò pou l' te ka gen premye plas nan tout bagay.» Kolòs 1:18 (Bib La).

Legliz primitiv la

«Kote evèk la parèt, se la pou foul [pèp la] ye tou; menm jan, kote Jezikri ye, se la Legliz katolik la ye.» (tradui apati tèks anglè ANF 1) Ignas Antiòch, *Lèt pou moun Esmen yo*, chap. 8, nan *The Ante-Nicene Fathers*, ed. Alexander Roberts ak James Donaldson, vol. 1 (Buffalo, NY: Christian Literature Publishing, 1885).

7

«Sou rad li ak sou janm li yo te ekri non sa a: Wa tout wa yo, Chèf tout chèf yo.» Revelasyon 19:16 (Bib La). «Y'a goumen kont ti Mouton an. Men, ti Mouton an va kraze yo, paske li Chèf tout chèf, li Wa tout wa. Li va kraze yo avèk moun pa l' yo, moun Bondye te rele, moun li te chwazi, moun ki kenbe fèm ak li.» Revelasyon 17:14 (Bib La). «Lè lè a va rive, Bondye va fè nou wè l'. Se li menm ki sèl otorite, se pou li sèl nou dwe fè lwanj. Li wa tout wa, li chèf tout chèf...» 1 Timote 6:15 (Bib La). «Apre sa, setièm zanj lan kònen klewon l' lan. Mwen tande vwa yon bann moun ki t'ap pale byen fò nan sièl la. Yo t'ap di: Pouvwa pou gouvènen sou latè a, koulye a se nan men Mèt nou an ak nan men Kris li a sa ye. L'ap gouvènen pou tout tan.» Revelasyon 11:15 (Bib La). «...Se mwen menm ki mete wa mwen an sou mòn Siyon, mòn ki apa pou mwen an.» Sòm 2:6 (Bib La).

8

«...Ou se yon wòch, Pyè. Se sou wòch sa a m'ap bati legliz mwen. Ata lanmò p'ap kapab fè l' anyen.» Matye 16:18 (Bib La). «Nan rèy dènye chèf sa yo, Bondye nan syèl la pral fè yon lòt chèf parèt, l'ap pran gouvènman an nan men yo pou tout tan. Li p'ap janm pase yon lòt li. Men, l'ap kraze tout lòt pèp yo, l'ap detwi yo. Li menm l'ap kanpe la pou tout tan.» Danyèl 2:44 (Bib La). «Y'ap pran pouvwa, otorite ak gouvènman tout gwo peyi ki sou latè yo, y'ap bay pèp k'ap sèvi Bondye ki anwo nan syèl la. Pèp sa a ap gouvènen tankou yon wa pou tout tan. Tout chèf sou latè pral sèvi li, y'ap obeyi li.» Danyèl 7:27 (Bib La). «La gouvènen pèp Izrayèl la pou tout tan, gouvènman l' lan p'ap janm fini.» Lik 1:33 (Bib La). «Peyi wa nou resevwa pou eritaj la pa ka brannen. Se pou nou di mèsi pou sa. Ann fè wè nou pa bliye sa li fè pou nou. Ann sèvi Bondye yon jan ki pou fè l' plezi, avèk respè, avèk krentif...» Ebre 12:28 (Bib La).

Kredo konsil yo

«E l'ap tounen ankò nan glwa pou jije vivan ak mò yo. Rèy li p'ap janm gen fen.» (tradui apati tèks anglè NPNF2 14) Kredo 150 Papa yo (Kredo Nise-Konstantinòp), Premye Konsil Konstantinòp (381), trad. Henry R. Percival, nan *Nicene and Post-Nicene Fathers*, 2yèm seri, vol. 14, ed. Philip Schaff ak Henry Wace (New York: Christian Literature Publishing, 1900).

Tout pasaj Bib an kreyòl ki sou paj sa a soti nan *Bib La* (1985), ki nan domèn piblik. Tèks: ebible.org/hat. Yo site vèsè yo san yo pa chanje anyen; twa pwen (...) make kote yo kite yon pati.